




A Multi-Tiered System of Supports

## Enfomasyon pou Fanmi

### Kisa yon Sistèm Sipò Milti Tyè ye?

MTSS se yon mo ki itilize pou dekri yon model lekòl ki baze sou evidans kap sèvi ak rezolisyon pwoblem baze sou ranseyman pou li entegre enstriksyon ak entèvansyon akademik ak konpotmantal. Enstriksyon ak entèvansyon entegre bay pou etidjan-yo nan nivo entansite varye dapre bezwen etidjan-yo genyen. Gòl-la se pou evite pwoblem e pou aji byen bonè pou etidjan-



yo kapab genyen siksè.

**Tyè I** ap pale de enstriksyon diferansye wot kalite ke tout etidjan nan klas edikasyon jeneral ap resevwa.

**Tyè II** ap pale de entèvansyon ki bay pou yon ti group etidjan ki bezwen plis sipò ke sa yo resevwa nan Tyè I.



*A Multi-Tiered  
System of Supports*

## **Sa ki rive Response to Intervention [Repons nan Entèvansyon] (RtI)?**

Sistèm Sipò Milti Tyè (MTSS) se yon mo ki pi korek kap pale de yon sel grenn chapant kap bay etidjan-yo plizyè nivo varye sipò akademik ak konpotmantal dapre bezwen yo genyen.

- Mo RtI te itilize pou pale de yon chapant sipò milti tyè.
- RtI ap pale de 4<sup>yèm</sup> etap pwosede planifikasyon/rezolasyon pwoblem/
- MTSS itilize pou fè pwomosyon langaj korek e koeran pou transmèt fason travay Laflorid/
- Lekòl-yo kapab chwazi pale de sistèm pa-yo tankou yon chapant RtI.
- Ranseyman pou Fanmi

## **Kisa mwen kapab atann ak MTSS?**

- Miz a jou frekant konsènan pwogrè etidjan.
- Idantifikasyon byen bonè pou sousi akademik oubyen konpotmantal depi nan premye siy difikilte.
- Asistans pou pitit-ou kap ogmante oubyen diminye depandaman de bezwen li yo.
- Ranseyman e patisipasyon nan planifikasyon e nan zafè bay entèvansyon pou ede pitit-ou.
- Ranseyman konsènan ki jan pitit-ou ap travay ak entèvansyon ke yo bay li.

## **Kisa mwen fè si mwen panse ke pitit mwen genyen pwoblem?**

- Pale ak pwofèsè pitit-ou.
- Revize e asiste ak devwa.
- Mande pou rapò siveyans pwogrè regilyèman.
- Selebre siksè pitit-ou. Aprann pi plis konsènan kirikilom, evalyasyon ak entèvansyon ki itilize nan lekòl pitit-ou.
- Patisipe nan konferans ak lot reyinyon konsènan pitit-ou.
- Si ou panse ke pitit-ou genyen yon andikap, ou gen dwa mande pou yon evalyasyon fèt. Ekip lekòl-la pral travay ansanm avèk ou sèvi ak pwosede rezolasyon pwoblem baze sou ranseyman e yap detèminen si yon evalyasyon nesèsè.

## **Ki jan mwen kapab patisipe nan MTSS?**



*A Multi-Tiered  
System of Supports*

Fanmi ap jwe yon wòl enpotan nan sipote sa ti moun yo ap aprann lekòl. Plis paran-yo ap patisipe nan aprantisaj etidjan-yo, plis etidjan-yo ap jwenn siksè. Poze kesyon pou aprann pi plis konsènan MTSS nan lekòl pitit-ou:

- Eske pitit mwen ap reyisi? Ki jan m'ap konnen? Si non, pou kisa e kisa mwen kapab fè diferaman?
- Si sa-a nesèse, ki jan asistans siplemantè pral bay? Ki moun kap bay li? Konbyen fwa? Pou konbyen tan?
- Kisa mwen kapab fè pou patisipe nan rezolisyon pwoblem konsènan pitit mwen?
- Kisa mwen kapab fè pou ede ak entèvansyon pou pitit mwen lakay-la?
- Ki jan m'ap konnen ke entèvansyon-yo ap mache?

Ou kapab jwenn plis resous nan: <http://www.florida-rti.org/parentresources/index.htm>